



Chidzidzo 6 cha  
Nyamavhuvhu 8,  
2026

ZVIPO ZVEMWEYA

"Teverai rudo; shingairirai  
zipo zoMneya, asi zikuru kuti  
muprofite"  
(1 VaKorinte 14:1)



**Zviri pachena kuti sangano rekuKorinte yakanga yakakamukana panyaya dzakasiyana-siyana. Vakanga vasingawirirani panyaya dzevaparidzi; nzira yekudya nayo; nyaya yekuroora kana kugara vasina kuroora; pamwe chete nenyaya yekuti ndezvipi zvipo zvemweya zvinofanira kukosheswa zvikuru.**

**Apedza kugadzirisa matambudziko ekutanga, Pauro anoratidza kuti zvipo zvemweya zvinoshanduka sei kubva pakuva dambudziko kuenda pakuva nzira yekubatana (1 VaKorinte 12-14).**

**Chipo chipi chakanakisa? Hapana! Ngenyi?**



### **Zvipo zvemweya:**

-  **Zvipo zvizhinji, Mupi mumwe chete.**
-  **Nhengo zhinji, muviri mumwe.**



### **Chinobatanidza:**

-  **Kunaka kukuru kwerudo.**



### **Zvipo zvakakosha:**

-  **Chipo chekutura nendimi.**
-  **Chipo chekuporofita.**

# ZVIPO ZVEMWEYA



# ZVIPO ZVIZHINJI, MUPI MUMWE CHETE

"Zino marudzi mazhinji ezipo ari'po, asi Mjeya ndomumje." (1 VaKorinte 12:4)

Ndiani anopa zvipo zvemweya? (1 VaKo. 12:4-6)

|              |                   |                |                             |       |
|--------------|-------------------|----------------|-----------------------------|-------|
| 1 VaKo. 12:4 | Maruzi mazhinji e | zvipo          | Asi zwichibva kumumwe chete | Mweya |
| 1 VaKo.12:5  |                   | hushumiri      |                             | Ishe  |
| 1 VaKo.12:6  |                   | mabasa         |                             | Mwari |
|              |                   | Zvipo zvemweya | Mupi                        |       |



Kuti tibatsirwe kunzwisisa hukama huripo pakati pezvipo zvemweya uye Mupi wazvo, Pauro anoshandisa mazwi matatu kuzvitsanangura, achiratidza kusiyana-siyana kwazvo: zvipo; mabasa ekushumira; uye mabasa anoshanda nesimba.

Zvisinei, Mupi ndiye Mumwe: Mweya [Mutsvene]; Ishe [Jesu]; naMwari [Baba]. Kureva kuti: huMwari huchishanda pamwe chete (Johani 14:16).



Asi Mwari haapi zvipo sezvaiita "vanamwari" vechiGiriki neveRoma ( 1 VaKo. 12:2 ). Hakuna kunakidzwa uchiita kunge uri pedyo naMwari, kana kusarudzwa kwevatambiri vezvipo (senge, semuenzaniso, vafundisi.).

# ZVIPO ZVIZHINJI, MUPI MUMWE CHETE

*"Zino marudzi mazhinji ezipo ari'po, asi Mneya ndomumje." (1 VaKorinte 12:4)*

Nei Mwari achipa zvipo zvakasiyana-siyana kuvanhu vakasiyana? (1 VaKo. 12:7)

Zvipo zvemweya zvinoshandiswa "kuitira kubatsira" ungano. Mwari chete ndiye anoziva kuti ndevapi vanhu vanogona kushandisa chipo chakati kuti vazadzise chinangwa ichocho.



Zvipo zvipi izvo Pauro anopa somuenzaniso, pakati pezvimwe zvizhinji zviripo? ( 1 VaKo. 12:8-10; VaRo. 12:6-8; VaEfe. 4:11-12)

## 1 VaKorinte 12:8-10

- ✓ Shoko robucenjeri
- ✓ Shoko rokuziua
- ✓ Kutenda
- ✓ Kuporesa
- ✓ Kuita mabasa esimba
- ✓ Kuporofita
- ✓ Kuzivisisa mweya
- ✓ Marudzi endimi
- ✓ Kududzira ndimi

## VaRoma 12:6-8

- ★ Kushumira
- ★ Kudzidzisa
- ★ Kuraira
- ★ Kupa
- ★ Kutungamira
- ★ Ngoni

## VaEfeso 4:11-12

- ♥ Huapostora
- ♥ Huevangeri
- ♥ Kufudza uye kudzidzisa

# NHENGO ZHINJI, MUVIRI MUMWE

**"Nokuti somuviri uri mumwe, unemitezo mizhinji, nemitezo yose yomuviri, kunyange iri mizhinji, muviri ndomumwe cete; wakadaro vo Kristu." (1 VaKorinte 12:12)**



Mwari mumwe, asi nhengo imwe neimwe yehuMwari ine basa rayo. Saizvozvowo, sangano rimwe chete, asi chikamu chimwe nechimwe chine basa rayo senhengo yemuviri waKristu paNyika (1 VaKo. 12:12-13).

Pauro anoshandisa fananidzo yemuviri wemunhu sesangano kuratidza kubatana mukusiyana. Ziso rine "chipo" chokuona, asi nzeve haina. Zvisinei, zviri izvi zvinozadzisana nokushanda pamwe chete. Saizvozvowo, musangano, munhu mumwe nemumwe anoita basa rake maererano nezvipo zvaakagamuchira (1 Vakorinte 12:28-30).



Izvi zvinoreva kuti munhu wese anodiwa; kuti hapana munhu mukuru kudarika mumwe; kuti munhu wese anofanira kuva nehanya nekugara zvakanaka kwevamwe; uye kuti munhu wese anofanira kushandira kubatana kwesangano(1 VaKo.12:15-27).



# CHINOBATANIDZA



# KUNAKA KUKURU KWERUDO

“Asi shingairirai zipo zikuru.Ndinokuratidzai vo nzira yakaiṣo-naka inopfuuura dzose.” (1 VaKorinte 12:31)

Rudo hachisi chipo, asi“nzira yakaiṣo-naka inopfuuura dzose” (1 VaKorinte 12:31). Chibereko cheMweya Mutsvene muhupenyu hwemutendi (VaGaratia 5:22). Zvipo zvemweya zvinogona kushandiswa nemazvo chete kuburikidza nerudo.

## Zvinoita rudo

Runomṇoyo  
murefu

Runomṇoyo  
munyoro

Runofarira  
zokwadi

Runofukidza  
zose

Runotenda zose

Runetariro  
pazose

Runotsungirira  
pazose

## ZVISINGAITWI nerudo

Harunegodo

Harunamanyawi

Haruzikudzi

Haruiti  
zisingafaniri

Haruzitṣakiri  
zarwo

Harutsamṇi


Harunezishura

Harufariri  
zisakarurama

Chipo chendimi, pasina rudo, ndicho“ndarira dzinorira, nedare rinongoti: Ngwerengwere.” Chipo chokuporofita, chokuziva, uye chokungotenda, pasina rudo, hazvina maturo. Chipo cherupo nechipo chekufira chitendero, pasina rudo, hazvina maturo ( I VaKo. 13:1-3).

Rugwaro rwa1 VaKorinte 13:4-7 runopa gwara rakasimba rekuzvibata zvakanaka pakushandiswa kwezvipo zvemweya:

# ZVIPO ZVAKAKOSHA



# CHIPO CHEKUTAURA NENDIMI

**"Saka unotaura norumbe rurimi, ngaanyengetere kuti adudzire vo." (1 VaKorinte 14:13)**


**Kusimbisa kwakaita Pauro nyaya yechipo chekutura nendimi uye mashandisirwo acho akakodzera kunoratidza kuti chipo ichi chaishandiswa zvisizvo nenhengo dzesangano rekuKorinte, zvichikonzera kusarongeka uye kuvhiringidzika panguva yekunamata pachena.(1 VaKo. 14:23).**

**Chipo chndimi kugona kutaura mitauro yevanhu kana yengirozi isingazivikanwe nemunhu (1vaKorinte. 13:1). Kana mutauro uyu usingazikanwi nemuteereri, unoda kududzirwa(Mabasa 2:8; 1 VaKo. 14:2, 13-14, 27-28).**

**Chido chaPauro chekuti vanhu vese vataure nendimi dzakasiyana-siyana chakaturikirwa zvisizvo nevaya vanofunga kuti tese tinofanira kuva nechipo ichocho(1 VaKo. 14:5).**



**Muchokwadi, kushuva uku kunobatanidza zvipo zvose (1vaKorinte. 14:1). Pauro akanga atozvibudisa pachena“Asi mumnje nomumnje unopiwa kuratidzwa kwoMjeya, kuti uose uabatsirwe.” (1 VaKo. 12:7 ). Naizvozvo, haasi munhu wese anogamuchira zvipo zvakafanana.**




# CHIPO CHEKUPOROFITA

**“Asi unoprofita, unotaura kuvanhu, kuti vasimbiswe nokurairwa, nokunyaradzwa.” (1 VaKorinte 14:3)**



**Hatifaniri kuganhurira chipo cheuprofita pakungofanotaura zvichaitika mune ramangwana. Chinangwa chikuru chechipo cheuprofita ndechekuvaka, kukurudzira, nekunyaradza(1 VaKo. 14:3).**


**Pauro anosimbisa kukosha kwechipo ichi kupfuura zvimwe (1 VaKorinte 14:1, 4, 22-25). Asi anokurudzirawo kuti chishandiswe nenzira kwayo kuitira kuti pasava nekuvhiringidzika: “Asi zvinhu zose ngazitwe nomutouo wakafanira zinemirairo yazo” (1 VaKo. 14:40; ona 1 VaKo. 14:29-33).**



**Sechipo chakakosha chesangano remusarirwa, chipo ichi chakaraidzwa nenzira yakasarudzika muhupenyu nemabasa aEllen G. White (Zvakazarurwa 12:17; 19:10). Asi tingaziva sei muporofita wechokwadi?**



**Zviitiko zvakaziviswa zvichaitika mune ramangwana—kana zvisiri zvinoenderana nemamwe mamiriro ezvinhu—zvinofanira kuzadzika(Deut. 18:22; Jer. 28:8-9; Jonah 4:2)**



**Mashoko ake anofanira kuenderana neevaprofita vekare (Deut. 13:1-3; Isa. 8:20)**



**Anofanira kupupurira nezvekuitwa kwemunhu kwaJesu (1 Johani 4:1-3)**



**Hupenyu hwake hunofanira kuenderana neshoko reBhaibheri raanoparidza(Mt. 7:15-20)**

**“Pane zvese zvakarongwa nalshe, hapana chinoyevedza kupfuura hurongwa Hwake hwekupa varume nevakadzi zvipo zvakasiyana-siyana. Sangano ibindu Rake, rakashongedzwa nemhando dzakasiyana-siyana dzemiti, zvirimwa, nemaruva. Haatarisiri kuti chirimwa chehisopi chikure kusvika pakukura kwemuti wecedar, kana kuti muti wemuorivhi usvike pakureba kwemuti wepalm unoshamisa. Vazhinji vakawana dzidzo shoma yezvechitendero neyepfungwa, asi Mwari ane basa rekuti vanhu ava vaite, kana vakashanda nekuzvininipisa vachivimba naMwari...”**

**Vanhu vakasiyana-siyana vanopiwa zvipo zvakasiyana, kuitira kuti vashandi vaone kuti vanoda mumwe nemumwe. Mwari ndiye anopa zvipo izvi, uye zvinoshandiswa mubasa rake—kwete kuitira kukudza muridzi wazvo kana kukwidziridza munhu, asi kukwidziridza Muponesi wenyika. Zvinofanira kushandiswa kuitira zvakanaka zvevanhu vose, kuburikidza nekumiririra chokwadi, kwete kupupurira nhema.”-Non-Official translation by Gift Mawoyo**